



5 Fevriye 2026

AVI SOU DAT EKSPIRASYON BMV

Sa a se yon avi pou tout moun nan Ohio ki ka afekte pa lòd tribinal federal ki te pibliye 2 Fevriye 2026, konsènan Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou Ayisyen. Malgre tribinal federal la retade dat ekspirasyon TPS la, lòd tribinal la pa pwolonje dat ekspirasyon lisans kondwi pou Ayisyen ki Ozetazini anba TPS.

Tout moun ki gen TPS yo ankouraje pou verifye dat ki sou lisans kondwi fizik yo, paske lalwa entèdi kondwi san yon lisans ki valab. Imaj ki anba a montre kote dat ekspirasyon lisans kondwi a parèt.

Si ou gen dokiman imigrasyon ki gen yon dat ekspirasyon apre 4 Fevriye 2026, ou ka kalifye pou renouvle lisans kondwi ou. Tanpri note ke dokiman sa yo verifye elektwonikman pa otorite federal imigrasyon yo. Ankò, kondwi san yon lisans valab se yon krim e li ka mennen nan penalite kriminel oswa pouswit jidisyè.

Pou tcheke estati verifikasyon legal ou ak/oswa estati dwa ou pou kondwi:

- Tcheke estati dosye SAVE la sou sit USCIS: www.uscis.gov/save/casecheck
- Tcheke estati dwa ou pou kondwi atravè Dosye Kondwi BMV ou sou www.bmv.ohio.gov

Si ou gen plis kesyon sou estati lisans ou ak dwa ou pou kondwi, tanpri rele Ohio BMV nan (844) 644-6268 oswa vizite bmv.ohio.gov. Anba la a se yon kòd QR pou jwenn aksè nan sit entènèt la. Ohio BMV pa kapab reponn kesyon sou politik federal imigrasyon ak estati legal ou.

